


ESKE W SE YON BON MOUN?




OU ADMÈT KE OU SE YON MANTÈ, YON VOLÈ, YON BLASFÈMÈ E YON ADILTÈ NAN KÈ. SA YO SE SÈLMAN 4 NAN KÒMANDMAN YO

JEZU TE DI NAN MATYE 5:28, "SI YON NONM GADE YON FI AVÈK ANVI, LI GEN TAN FÈ ADILTÈ AVÈ L NAN KÈ L »



OU PA PECHE SÈLMAN LÈ OU FÈ SA W PA DWE FÈ, MEN OU PECHE TOU LÈ OU **PAFÈ** SA W TE DWE FÈ


« SE POUTÈT SA, MOUN KI PA FÈ BYEN LI KONNEN LI GEN POU L FÈ A, LI FÈ PECHE ». (JAK 4 :17)




"BONDYE KONN SEKRÈ KI NAN KÈ TOUT MOUN » (SÒM 44 :21)



OU PRAL GEN POU RANN KONT POU CHAK GRENN PECHE OU TE FÈ LÈ JOU JIJMAN AN RIVE « CHAK MOUN GEN POU RANN BONDYE KONT POU TÈT PA YO » (WOMEN 14 :12)



BONDYE SE YON JIJ KI SEN E KI DWAT. LI RAYI PECHE! JEZU TE AVÈTI NOU KE LÈ BONDYE DEVÈSE KÒLÈ LI, LAP LAGE TOUT MOUN KI FÈ PECHE NAN YON DIFÈ KAP BOULE NÈT ALE « KOTE KI VA GEN RÈL AK MANJE DAN »



OU PA KA TRAVAY POU GEN LAVI ETÈNÈL. SE YON **KADO BONDYE BAY** TOUT MOUN KI IMILYE YO ET LAGE YO NAN MEN JEZU. TRAVAY 20:21 DI NOU "TOUNEN VIN JWENN BONDYE E METE KONFYANS OU NAN SEGNÈ JEZU. LAP PADONE PECHE W E LAP BA W YON KÈ KI TOU NÈF ! 2 KORENT 5 :17 DI « SI YON MOUN AP VIV NAN KRIS, LI VIN YON LÒT MOUN ».

SA POU FÈ KOUNYEYA SE LI LABIB E FÈ SA L DI OU FÈ. CHÈCHE YON BON LEGLIZ POU EDE W GRANDI. EPI PATAGE **BON NOUVÈL** AK LÒT MOUN!



SE YON SÈL CHEMEN KI GENYEN... SI YON **MOUN KI PA JANM FÈ PECHE** VLE PRAN PINISYON AN POU OU, SA AP SATISFÈ JISTIS BONDYE. E OU MENM OU VA LIBERE !